

## **RIWAYAT SINGKAT**

### **DUSUN GONDANG KECAMATAN SUGIO KABUPATEN LAMONGAN**

DUSUN GONDANG KALEBET WEWENGKON KECAMATAN SUGIO KABUPATEN LAMONGAN INKGANG SAPUNIKO AWUJUD DUSUN INKGANG RAME, TATA LAN TENTREM UGI KASUWUR WONTENIPUN WADUK AGENG INGGIH PUNIKO WADUK GONDANG, RIKOLO 493 TAHUN KEPENGER UTAWI KIRANG LANGKUNG WIWITAN ABAD XVI MASEHI, TAKSIH ARUPI WEWENGKON ALIT TUR CENGKAR AMARGI TAKSIH KEKIRANGAN TUYO KEBETAHAN GESANG SEDINTEN DITENIPUN UTAWI KEPERLUAN PERTANIAN.

DANGU-DANGU KAWONTENAN WARGA DUSUN PUNIKA TANSOYO SAHE SAKSAMPUNIPUN RONGGOHADI LAN PORO PENDEREKIPUN SAMI NGASO SAKWE TAWIS KANTI WEKDAL INKGANG LAMI, SAKSAMPUNIPUN NGUMBORO NYEBAR AGAMI ISLAM.

KADOS INKGANG KAWUNINGAN RONGGO HADI PAWONGAN SAKING DUSUN CACING KECAMATAN NGIMBANG, SAKSAMPUNIPUN MANTUN ANGGENIPUN NGANGSU KAWRUH AGAMI ISLAM LAN ILMU PEMERINTAHAN ING KASUNANAN GIRI SAKLAJENGIPUN KAUTUS SUNAN GIRI NYEBAR AGAMI ISLAM LAN PRANATAN PEMERINTAHAN ING TLATAH KENDURUHAN.

RIKALA SEMANTEN RONGGOHADI LAN PORO PENDHEREKIPUN SINUBYO-SUBYO WARGA DUSUN GONDANG LAN KANTHI SUKORENANING PENGGALIH DEREK NGANGSU KAWRUH AGAMI ISLAM UGI BABAKAN PEMERINTAHAN.

NAMUNG ING WEKDAL SEMANTEN WARGA DUSUN GONDANG TANSAH SAMBAT KADOS PUNDI AWRATIPUN PADOS TUYO AMARGI LEPEN INKGANG NAMUNG SETUNGGAL ING DUSUN PUNIKO TANSAH AKING/GARING ING MONGSO KETIGO KELERESAN SUMBER TUYO INGGIH BOTEN WONTEN.

MIRSANI KAWONTENAN PUNIKO ANDADOSAKEN PRIHATIN RONGGOHADI INKGANG TANSAH MIRENG SAMBATIPUN WARGA DUSUN INKGANG TANSAH KEKIRANGAN TUYO NANGING RONGGO HADI BOTEN SAGET PARING PITULUNGAN NAMUNG SAGET PARING PITEDAH-PITEDAH SAKING SUNAN GIRI. SAKLAJENGIPUN RONGGO HADI KINTUN UTUSAN DATENG SUNAN GIRI ING MAPEL (GRESIK) SAKPERLU MATUR KAWONTENAN ING DUSUN GONDANG, BOTEN DANGU UTUSAN SAKING MAPEL DUGI KANTI NGATURAKEN DHAWUH SAKING SUNAN GIRI UGI NGATURAKEN DHAWUH SAKING SUNAN GIRI UGI NGATURAKEN PUSOKO ARUPI DHUWUNG INKGANG GADAH KASEKTEN MANGGIHAKEN SUMBER TOYA KANTINDAKAKEN KALIAN LAFAL-LAFAL INKGANG LENGKAP.

PUSOKO PARINGAN SUNAN GIRI KASEBAT AWUJUD "CIS" ARUPI TUMBAK PUCUKIPUN LANCIP PEPEK KALIAN LANDHEAN LAN TAMENG MITURUT DHAWUHE SUNAN GIRI PUSOKO KOLOWAHU MENAWI BHADÉ KAGINAAKEN, RONGGOHADI KEDAH SUJUD LANGKUNG RUMIYIN NYUWUN PITEDAH SANKING ALLAH SWT. SALAJENGIPUN MENAWI SAMPUN PIKANTUK PITEDAH PANGGENAN SUMBER TUYO, RONGGOHADI KEDAH NANCEPAKEN PUSUKA "CIS" SALEBETIPUN SITI KALIAN MAOS LAFAL-LAFALIPUN.

INSYA'ALLOH SAGET KASEMBADAN PANYUWUNIPUN SARANA MEDALIPUN TUYO SAKING SUMBER.

RONGGOHADI ING WEKDAL PUNIKA SAMPUN NINDAKAKEN SEDAYA DHAWUH LAN PITEDAH SUNAN GIRI LAN ALHAMDULILLAH .....

SAKSAMPUNIPUN PUSAKA "CIS" KAJABUT SAKING SITI MEDAL TUYO WENING KINCLONG-KINCKONG.

ING PANGGENAN PUNIKA PRAMILA SUMBER TUYO KALAWAU SAGET NYEKAPI KABETAHAN WARGA DUSUN GONDANG.

SUMBER TUYO KASEBAT NGANTOS SAKPUNIKO TAKSIH WONTEN LAN ARUPI SENDANG LAN TOYANIPUN BENING SANGET LAN MILI TERUS, DENE SENDANG PUNIKA MANGGEN WONTEN SATENGAH-TENGAHIPUN DUSUN GONDANG INKGANG AGENG SANGET PAEDAHIPUN TUMRAP WARGA DUSUN GONDANG LAN SAKIWO TENGEN NIPUN.

RONGGOHADI INKGANG SAMPUN WINISUDA DADOS ADIPATI LAMONGAN, WEKDAL SAMANGKE DENING PEMERINTAHAN ORDE BARU SAMPUN KABANGUN WADUK INKGANG AGENG INGGIH PUNIKA WADUK GONDANG, INKGANG MANFAATIPUN LUBER NGANTOS TLATAH KABUPATEN LAMONGAN LINTUNIPUN.

BOTEN LAMI SASAMPUNIPUN PIKANTUK SUMBER TUYO LAN WARGA GONDANG NGRASUK LAN NGLAMPAHI AGAMI ISLAM, RONGGOHADI LAN PENDEREKIPUN NERUSAKEN LAMPAH TUMUJU KENDURUAN KADOS DHAWUHIPUN SUNAN GIRI.

SAWATAWIS SAGET KACARIOSAKEN, RIKOLO DUMUGI DUSUN GONDANG, RONGGOHADI CAMPUR BAWUR KALIYAN WARGA DUSUN GONDANG LAN MANGGEN WONTEN GRIYANIPUN WARGA PRAMILA TANSAH KETINGAL, RAKET LAN RUKUN, KADOS PUNOPA BINGAH LAN BOMBONGING MANAH RONGGOHADI ANGGENIPUN SAGED KETAMPI SEDOYO AJARAN AGAMI LAN PRANATA PEMERINTAHAN, PRAMILA SAKDERENGIPUN NILARAKEN DUSUN GONDANG RONGGOHADI PARING TETENGER ARUPI TAMENG PARINGAN SUNAN GIRI, DENE TAMENG KALAWAU KATAMPI DENING "MBOK RONDO GONDANG" MINONGKO WAKIL SAKING WARGA GONDANG.

SESAMPUNIPUN MBOK RONDO GONDANG SEDO, TUMRAP WARGA DUSUN GONDANG PESAREANIPUN DIPUN RUMAT SAE (DIPUN DAMELAKEN CUNGKUP) LAN TAMENG TINGGALAN RANGGO HADI DIPUN SIMPEN SALEBETING CUNGKUP NGANTOS SAKPRIKI PUSOKO TAMENG KALAWAU TAKSIH WONTEN LAN TANSAH DIPUN LELURI SEDOYO WARGA DUSUN GONDANG LAN SAKIWONTENGENIPUN.

KANGGE NGELURI RIWAYAT GONDANG SALAHSETUNGGALING PANGGENAN PINARAK LEREM RONGGO HADI RIKOLO MUNDHI TUGAS NYEBAR AGAMI ISLAM, PRAMILO SAKLEBETING PENGETAN DUMADOSING KABUPATEN LAMONGAN 450 TAHUN 2019 DIPUN WONTENAKEN NAPAK TILAS DUSUN GONDANG INGKANG SAMPUN DADOS KEWAJIBAN KITO SEDOYO PENDUDUK KABUPATEN LAMONGAN KALIAN PEMERINTAH DAERAH NERUSAKEN LAN NINGKATAKEN PEMBANGUNAN KANGGE MUJUDAKEN CITA-CITA BONGSO INDONESIA INGGIH PUNIKO MASYARAKAT ADIL LAN MAKMUR LAHIR BHATIN ADEDASAR PANCASILA LAN UNDANG-UNDANG DASAR 1945.

Panitia peringatan hari jadi Lamongan  
Ke 451 Tahun 2020

===== ##### =====